

# Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy  
Shriver Center

Insurance Resource Center for  
Autism and Behavioral Health

 @IRCABH  
 774-455-4056

[www.massairc.org](http://www.massairc.org)  
 [airc@umassmed.edu](mailto:airc@umassmed.edu)  




Foto rekadre de yon gwoup moun ki pa idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

## MassHealth Premium Assistance

[Pwogram MassHealth Premium Assistance \(PA\)](#) Pwogram nan fèt pou manm MassHealth ki gen aksè ak yon asirans sante patwone pa yon anplwayè (ESI) atravè yon paran, yon travay, oswa yon lòt sous. Se pa tout plan ESI ki kalifye, men si yo kalifye, asistans pou prim lan ka bay yon avantaj finansye enpòtan, kote li ka ranbouse fanmi an jiska tout prim chak mwa li yo.

MassHealth ka kouvri lòt depans tankou pati ou dwe peye, kowasurans, ak franchiz, pou asirans ESI a pa koute ou plis pase si ou te sèlman gen MassHealth. Asistans pou peman prim lan se yon pwogram ou aplike pou li apre pitit ou a fin vin elijib pou MassHealth.

### Pou Fanmi yo k ap resevwa MassHealth CommonHealth

Lè MassHealth CommonHealth vin aktif, rele MassHealth Premium Assistance nan 800-862-4840 pou soumèt yon demann pou asistans pou prim lan. Si demann ou an apwouve, asistans pou prim lan ap ranbouse sa ou peye pou asirans ESI ou a, apre yo fin soustrè montan prim CommonHealth yo evalye. Kalite kouvèti MassHealth ou elijib pou resevwa a ap detèmine montan maksimòm oswa plafon asistans pou prim lan. Rezilta a se sa ki annapre yo:

- yon prim chak mwa CommonHealth ki pi ba oswa
- yon chèk yo voye pa lapòs pou diferans lan (si kotizasyon CommonHealth la pi ba pase montan asistans pou kotizasyon an).



Ti gason andikape ak yon ti fi otis k ap aprann kolorye/penn lekòl la

## Pou moun ki gen MassHealth atravè Sekirite Sosyal

Si moun nan kontinye benefisyè de asirans sosyal paran li, asistans pou prim lan ka ranbouse tout pri asirans sosyal la.

### Kijan ou ka kalifye pou MassHealth Premium Assistance?

- Ou dwe afilye ak yon polis asirans gwoup; polis endividyèl yo pa elijib.
- Si ou gen aksè nan yon kouvèti asirans patwone pa yon anplwayè ki satisfè sèten kondisyon – plan ki gen franchiz wo ak plafon depans ki depase yon sèten montan pa elijib. Pou 2026, franchiz maksimòm yo se \$3,200 pou yon moun, \$6,400 pou yon fanmi.
- Si omwen yon moun ki kouvri pa ESI a elijib pou MassHealth (nan ka sa a, si pitit ou a enskri nan MassHealth CommonHealth) oswa si pitit ou a resevwa MassHealth atravè sekirite sosyal, epi ;
- Si moun ki gen asirans ESI a **abite nan menm kay** avèk asiré ki elijib pou MassHealth.

**Remak:** Manm ki benefisyè Medicare la **pa elijib** pou asistans pou peman prim yo.

### Kijan ou ka aplike pou MassHealth Premium Assistance?

Telechaje epi ranpli fòm demann asistans pou prim lan:

<https://www.mass.gov/doc/premium-assistance-program-application-1/download>

Ou ka tou rele MassHealth PA Unit nan (800) 862-4840 (TTY: (617) 886-8102 pou moun ki soud, ki gen pwoblèm tandè oswa ki gen difikilte pou pale) pou mande yon fòm demann.

- Ou **dwe** ranpli Pati 1 (Enfòmasyon sou afilye a). Ou pral ranpli seksyon sa a ak enfòmasyon sou moun ki gen polis la (paran ki benefisyè de plan sante patwone pa anplwayè a).
- Pati 2 (Enfòmasyon sou anplwayè a): Anplwayè ou a **dwe** ranpli seksyon sa a sou asirans patwone a.

Voye demann asistans pou peman prim MassHealth ou a pa lapòs, pa imèl oswa pa faks, **ansanm** ak rezime avantaj plan sante anplwayè ou a (pa bliye mete enfòmasyon sa yo, sinon demann ou an p ap ka trete). Ou ka jwenn yon rezime avantaj plan sante a nan sèvis resous imèn nan konpayi anplwayè ou.

- **Fakse** fòmilè aplikasyon an byen ranpli pou voye bay (617) 451-1332
- Oswa **nan imel:**

masspreassistance@accenture.com

- **Voye** l fòmilè aplikasyon an byen ranpli nan kourye lapòs nan adrès sa a:

- **MassHealth Premium Assistance Program**  
519 Somerville Ave #372  
Somerville, MA 02143

**Remak:** Trete demann lan ka pran jiska **60 jou**. Pandan peryòd sa a, pitit ou a ap kenbe benefis MassHealth li yo. Asistans pou prim lan pa retroaktif. Si asirans ESI ou a konsidere elijib, w ap resevwa yon peman asistans pou prim chak mwa pou asirans sante a, kòmanse pou mwa ki vin apre apwobasyon an..

## Si asirans travay mwen chanje (nouvo travay, nouvo plan, elatriye) kisa pou m fè?

Pou kenbe benefis ou yo, MassHealth, enkli peman asistans pou prim pou ESI ou a, **ou dwe rapòte nenpòt chanjman** nan enfòmasyon sou polis ESI ou bay Premium Assistance Unit nan (800) 862-4840 pi vit posib, epi **pa plis pase 10 jou apre chanjman an**.

Sa ka enkli: chanjman nan kouvèti asirans sante ou, chanjman nan prim asirans sante ou, chanjman nan anplwayè w. Si ou pa rapòte chanjman sa yo, sa ka lakòz MassHealth sispann asistans li yo epi w ka pèdi asistans pou peman prim lan.

### Konbyen fwa pou m aplike pou Premium Assistance?

**Chak ane!** Inite Asistans pou Prim la revize enfòmasyon ak tarif polis asirans manm yo chak ane lè plan asirans sante ou a renouvle (oswa si li chanje). Se pandan peryòd sa a anplwayè ou a konn ofri chanjman nan kouvèti asirans sante pou ane kap vini an.

Ou dwe ranpli yon fòm konfòmite pou asistans pou peman prim **chak ane** lè plan ESI ou a renouvle, *menm si se menm plan ak ane anvan an*. **Si ou pa reponn revizyon anyèl la, peman asistans pou prim lan ap sispann.**

**Remak: Si ou chanje asirans pandan ane a, w ap bezwen soumèt yon nouvo demann.**

.

## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### 1. Mwen travay pou yon sendika epi mwen peye swen sante mwen atravè kotizasyon. Èske mwen gen dwa pou asistans pou peman prim?

Sa **pa twò pwobab**. Plan ou a ka elijib, men sendika yo anjeneral mete tout salè orè yo ansanm epi peye benefis sante yo soti nan salè sa yo.

Sèvis Asistans pou Peman Prim lan mande yon prèv sou sa yo retire sou salè asiré a epi li pa aksepte yon estimasyon prim gwoupe.

### 2. Mwen se yon paran selibatè. Eks-konjwen mwen, ki ap viv andeyò eta a, kouvri pitit mwen nan plan asirans sante anplwayè li. Èske mwen gen dwa pou asistans pou peman prim?

**Non.** Moun ki gen polis la (eks-konjwen ou) dwe viv ak asiré MassHealth la (pitit ou a) pou li kapab elijib pou asistans pou peman prim.

### 3. Èske plan Health Connector yo ka benefisye de asistans pou peman prim? **Non.** Plan Health Connector yo pa elijib pou asistans pou peman

prim.

### 4. Mwen se yon travayè endepandan epi mwen pran asirans mwen atravè chanm komès lokal nou an. Èske mwen gen dwa pou asistans pou peman prim?

**Wi,** Si asirans la gen yon nimewo gwoup. Règ sa a aplike tou pou moun ki gen yon travay men ki dwe pran pwòp asirans sante yo. Yon asirans prive dwe gen yon nimewo gwoup pou li ka elijib pou asistans pou peman prim.

**5. Mwen benefisye asistans pou peman prim, men mwen pèdi travay mwen. Mwen gen posiblite pou mwen kontinye ak kouvèti COBRA, men li chè. Èske asistans pou prim lan ap kouvri prim chak mwa anplis la?**

**Wi, mè li konplike!** Premium Assistance dwe revize demann ou an pou verifye si li toujou avantaj pou ou. Yon plan COBRA ki kouvri sèlman kèk manm nan fanmi an oswa sèlman pitit ou ki andikape a ka pa kalifye. Etandone se ou menm sèlman ki responsab tout pri plan an (paske anplwayè ou pa kontribye ladan ankò), asistans prim lan ka pa kouvri tout frè COBRA yo. Sa se yon analiz ki konplike, e anpil faktè antre an konsiderasyon pou detèmine kalifikasyon ou.

Nou konseye w rele sèvis asistans prim lan san pèdi tan pou fè yo konnen ke w ap benefisye plan COBRA a. W ap bezwen soumèt yon dosye ki gen ladan lèt chwa COBRA ki siyen, pri total plan COBRA a, ak prèv peman ou fè pou COBRA a. Pou manm MassHealth ki gen yon andikap ki deja verifye, asistans prim lan ap ranbouse yon gwo pati nan prim COBRA a. Si gen plis pase yon manm MassHealth ki gen yon andikap, chak manm ap kalifye pou resevwa montan sa a.

**Remak:** Si kounye a ou pa benefisye asirans sante, men ou ta renmen enskri nan yon plan COBRA, li posib pou w gen lòt demach anplis pou w fè. Nou rekòmande w kontakte Sant Resous Asirans lan (Insurance Resources Center - IRC) pou jwenn èd.

**6. Mwen pa resevwa okenn asistans pou peman prim kounye a. Mwen pèdi travay mwen, e mwen ta renmen kontinye benefisye plan asirans sante mwen atravè COBRA. Mwen tande gen yon asistans pou peman prim ki ka ede m. Èske li twò ta pou mwen fè yon demann?**

W ap bezwen ranpli aplikasyon asistans prim lan, bay fòm chwa COBRA ki siyen an, epi montre prèv ki endike pri total plan an ansanm ak prèv peman COBRA ou te fè a. IRC a ap ka ede w nan pwosesis la si w ta renmen fè yon demann.

**Remk:** Asistans pou prim lan pa retroaktif; kidonk li posib pou w oblije peye youn oubyen de mwa prim nan pòch ou anvan asistans prim lan kòmanse.

**7. Pitit mwen an fèk kalifye pou MassHealth Standard segondè, lè li te vin kalifye pou Sekirite Sosyal. Èske mwen kalifye pou asistans peman prim lan?**

Wi. Depi pitit ou rete nan menm kay ak moun ki gen asirans lan, ou ka fè yon demann pou asistans peman prim lan.

**8. Ki kantite maksimòm asistans peman prim mwen ka resevwa?**

Nan lane 2026, montan maksimòm asistans peman prim lan se 1,835 dola pa moun. Montan maksimòm asistans prim pou moun ki gen andikap lan rekalkile chak ane.

**Remak:** Asistans pou peman prim lan pap janm remèt yon montan ki pi wo pase sa fanmi an aktyèlman peye chak mwa pou asirans lan.

**9. Èske se montan total prim travay mwen an yo itilize pou kalkile asistans prim lan, oubyen èske yo kalkile l sou yon baz pwopòsyonèl pou pitit mwen ki andikape a?**

Ou kalifye pou tout montan ou peye chak mwa pou prim familyal la. Yo pa kalkile l sou baz pwopòsyonèl.

## Kowòdone pou kontakte MassHealth Premium Assistance:

### Orè

- Lendi ak madi, soti nan 8è a.m. rive **7è p.m.\***
- Mèkredi, jedi ak vandredi soti 8è a.m. rive 5è p.m.
- Tan pou tann yo souvan trè kout pandan èdtan ouvèti AP yo lendi ak madi swa (soti 5:00 p.m. rive 7:00 p.m.).

### Enfòmasyon kontak

- Telefòn: (800) 862-4840
- Faks: (617) 451-1332
- TTY: (617) 886-8102
- Imel: [MassPremAssistance@accenture.com](mailto:MassPremAssistance@accenture.com)
- Adrès postal: 519 Somerville Ave, #372 Somerville, MA 02143



Gwoup timoun divèsyè ki alonje epi k ap gade kamera a

***Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan [airc@umassmed.edu](mailto:airc@umassmed.edu)***

***Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan [www.massairc.org](http://www.massairc.org),***

***Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy***



**<https://bit.ly/42LeCtZ>**

---

**Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal** (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmanal Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemanchè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou**

**dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

